

Bhaibheri re vana
Rinokupai



Mukadzi
paTsime



Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Lazarus
Rakatorwa na: Ruth Klassen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Alastair Paterson
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org


BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.


Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.




Jesu navadzidzi vake vakange vachifamba
nemunyika ye Samaria. Vakasvika paguta rinonzi
Sychar.




Paive netsime ipapo paicherwa mvura yekunwa nevanhu vemuSychar. Jacob, baba vemaIsirairi, ndiye akachera tsime iroro.



Masikati aya kwaiva nezuva uye kuchipisa.
Nekuneta, Jesu akagara pasi pedyo nepatsime
vadzidzi vachinotenga chikafu muguta reSychar.






Jesu akange ari
oga-asi kwete kwenguva
yakareba. Pane mukadzi
aigara muSychar akauya
kuzochera mvura.
"Ndipewo mvura
Jesu akadaro
kwaari."




Mukadzi uya akashamisika. “Ko seiko
iwe, muJudha, wakumbira mvura kuneni mukadzi
muSamaria?” akadaro.

Mumazuva iwayo,
maJudha aive asina
kudyidzana
nemaSamaria.




Mudzimai akanyanya
kushamisika apo Jesu
paakati, "Dai waiziva
kuti Ndini Ani ungadai
wakumbira mvura
yeupenyu kwandiri."





Mukadzi akati kuna
Jesu, "Changamire
hamuna chekucheresa
mvura, tsime iri rakadzika.
Ko mvura yeupenyu iyi munoitora
kupi? Ko muri mukuru here kuna baba
vedu, Jacob, vakatipa tsime iri...?"





"Uyo anonwa
mvura iyi uchava
nenyota zvakare," Jesu
wakataurira mudzimai.

"Asi uyo anonwa mvura
yandinomupa haangazovi
nenyota zvakare.


Mvura yandichamupa ...

ichava tsime yemvura
inopfachuka kusvika
muupenyu husingapere."


"Changamire, ndipeiwo
mvura iyi..." mukadzi
akadaro.




Jesu akakumbira mudzimai kuti adane murume wake. "Handina murume," mudzimai akapindura. "Wakaita varume vashanu," Jesu akapindura. "Waiuyinaye iyezvino haasi murume wako."



Mukadzi akacherechedza akaona kuti Jesu waiva muporofita. Akaedza kuti Jesu aite nharo naye nezvenzvimbo yekunamatira Mwari: Jerusarema kana gomo dzvene remaSamaria. Jesu akataura kuti vatendi vechokwadi vanonamata Baba mumweya nemuzvokwadi.



“Ndinoziva kuti Mesiya ari kuuya,” mukadzi akadarro kuna Jesu. “Paachauya ahatiudza zvinhu zvese.”
“Ini ndinotaura newe ndini Iye,” Jesu akamuudza. Ipapo vadzidzi vakabva vadzoka. Mukadzi akasiya chirongo chake chinodhura akadzokera kuguta.





"Huyai,
muone Murume
andiudza zvese
zvandakamboita,"
mukadzi
akataurira
varume
vemuSychar.
"Kuti ndiye
Kristu here?"
Varume
vakabuda
muguta kuti
vanozvionera
Jesu vega.




Panguva iyoyo, vadzidzi vakaudza Jesu kuti adye.
Asi Jesu akati, "Kudya kwangu kuita kuda kwababa
vangu vakandituma uye kupedzisa basa ravo." Basa
rake raiva rekuunza vanhu kuna MWari.




Vazhinji vemuSamaria vakatenda maari nekuda kweshoko remudzimai uyu. Vakakumbira Jesu kuti

agare navo;
akabva
agara
ikoko
kwemazuva
maviri.



Vamwe vakawanda vakatenda nekuda kweshoko
raJesu. Vakati , "...Tazvinzwira tega uye taziva kuti
ndiye Kristu,
muponesi
wepasi rose."



Mukadzi paTsime

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi


Inowanikwa muna

John 4

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130





Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

